



Pou Piblikasyon Imedya: 13/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON NAN OTORITE FINANS PWOVIZWA NAN KONTE NASSAU

### *Yo nonmen Richard Kessel Prezidan ak Direktè Konsèy NIFA*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nominasyon Richard Kessel nan Otorite Finans Pwovizwa Konte Nassau (Nassau County Interim Finance Authority, NIFA) a. Gouvènè Hochul te anonse tou ke ak nominasyon li a, Mesye Kessel pral jwe wòl Prezidan ak Direktè pou konsèy la.

"Richard Kessel gen istorisite ak eksperyans ki fè li pi bon kandida pou ranpli pòs vid sa a nan Konsèy NIFA", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè dèske l te pran responsablite sa a epi mwen pa ka tann byen li pral pote nan kominote Nassau a an jeneral nan pozisyon sa a. Nou remèsye tou Prezidan ak Direktè sortan Adam Barsky pou sèvis li bay Nouyòkè yo ak devouman li nan wòl sa a."

Otorite Finans Pwovizwa Konte Nassau a se yon sosyete itilite piblik ki te kreye pa Lejislati Eta New York nan mwa jen 2000. NIFA gen kèk pouvwa pou kontwòle ak sipèvize finans Konte a. Anplis de sa, NIFA gen pouvwa pou l bay obligasyon ak biyè pou plizyè objektif pou Konte a, tankou restriktirasyon yon pòsyon nan dèt Konte a. NIFA se yon Konsèy ki gouvènè pa sèt manm ke gouvènè a nonmen, ki gen ladan yon manm nan chak moun yo nonmen yo ki sou rekòmandasyon Lidè Majorite Sena a, Prezidan Asanble a ak Kontwòlè Eta a, ak kat manm yo nonmen san rekòmandasyon. De nan manm yo nonmen pa Gouvènè a ak manm yo nonmen sou rekòmandasyon Lidè Majorite Sena a, Prezidan a ak Kontwòlè a dwe abite nan Konte Nassau.

Richard Kessel se yon ekspè sou pwoblèm enèji ak konsomatè ak yon eksperyans vast nan sèvis piblik. Mesye Kessel te deja sèvi kòm Prezidan Konsèy Administrasyon Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Nassau a epi kòm PDG Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA). Mesye Kessel gradye ak yon diplòm LISANS nan New York University ak yon diplòm METRIZ nan Columbia University.

**Richard Kessel te deklare,** "Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te nonmen mwen kòm Prezidan Otorite Finans Pwovizwa Nassau a. NIFA te fòme plis pase 20 ane de sa pou kontwòle ak sipèvize finans Konte Nassau epi asire ke Konte a solid sou plan fiskal epi li gen plan alontèm pou gen bidjè ekilibre ak finans ki estab pou pwoteje

kontribyab yo ak rezidan yo. Mwen pa katann pou m travay ak Gouvènè a, administrasyon li a ak manm Konsèy NIFA pou fè konte a avanse nan yon direksyon pozitif."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418